ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№101 (22.759) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 28, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм къулыкъу щхьэхуэхэр щызыІыгъхэмрэ лэжьыгъэ Іэнатіэм зэрыпэрытыпхъэм теухуауэ хуагъэувэкІ зэрагъэзащІэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъэкъуэхэр зэблэгъэкІыныжьмкІэ комиссэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Коррупцэм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-р гъэзэщІэн мурадкІэ, **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм къулыкъу щхьэхуэхэр щызыІыгъхэмрэ лэжьыгъэ Іэнатіэм зэрыпэрытыпхъэм теухуауэ хуагъэувэкІ зэрагъэзащІэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъэкъуэхэр зэблэгъэкІыныжьмкІэ комиссэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм къулыкъу щхьэхуэхэр щызыІыгъхэмрэ лэжьыгъэ Іэнатіэм зэрыпэрытыпхъэм теухуауэ хуагъэувэкІ зэрагъэзащІэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъэкъуэхэр зэблэгъэкІыныжьмкІэ комиссэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм къулыкъу щхьэхуэхэр щызыІыгъхэмрэ лэжьыгъэ Іэнатіэм зэрыпэрытыпхъэм теухуауэ хуагъэувэкІ зэрагъэзащІэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъэкъуэхэр зэблэгъэкІыныжьмкІэ комиссэм хэтхэр.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 15-м
№109-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэм увыну хущІэкъу щІыхуэхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэм къат хъыбархэм я пэжагъымрэ ахэр нэгъэсауэ зэрыщытымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэр хуагъэува мардэхэм зэрытетыр къызэрапщытэм теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм гъатхэпэм и 4-м къыдигъэкІа Указ № 22-УП-мкІэ къыщтам зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэм увыну хущІэкъу щІыхуэхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэм къат хъыбархэм я пэжагъымрэ ахэр нэгъэсауэ зэрыщытымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэр хуагъэува мардэхэм зэрытетыр къызэрапщытэм теухуа Положенэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм гъатхэпэм и 4-м къыдигъэкІа Указ №22-УП-мкІэ къыщтам зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 20-м и «г» пункт къуэдзэр мы къыкІалъыкІуэм хуэдэу къэхъи:

«г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм къулыкъу щхьэхуэхэр щызыІыгъхэмрэ лэжьыгъэ Іэнатіэм зэрыпэрытыпхъэм теухуауэ хуагъэувэкІ зэрагъэзащІэмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъэкъуэхэр зэблэгъэкІыныжьмкІэ комиссэм къэпщытэныгъэм зыкІиІуа материалхэр иритыну.».

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 15-м
№110-УГ

● КЪБР-м и Парламентым

Я ныбжькІэ щІалэми, жыджэрагъ яхэлъкъым

КЪБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, ЦІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым, ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ комитетым я жэрдэмкІэ къызэрагъэпэща зэІущІэм депутатхэр, КЪБР-м и Правительствэм, КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, егъэджэныгъэмкІэ Іуэхущіапіэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр щытепсэлъыхьащ щІалэгъуалэр хэхьиныгъэхэм зэрыхэтымрэ абыхэм я жыджэрагъыр къэІэтыным пыщІа Іуэхуэмрэ.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я Іуэхуэмкіэ комитетым и унафэщІ **Хьэщхьужь Татьянэ** кІыхьигъэщхьэхукІаш:

- Мы Іуэхум мыхьэнэ хэха иІэу къыщІэтлъытэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщ 2014 гъэм и фокІадэ маздэм ирагъэкІыжьмкІэ хэхьиныгъэхэр къызэрыблэгъар. Абы щыгъуэм республикэм Іэ щІэтэнчэ КЪБР-м и Парламентым и депутатэ хаххэм папщІэ. ЩІалэгъуалэрэщкъэралым и къэкІуэнур зэлъытар, абы кІыхьэкІыу дэ дыхьеиш абыхэм политикэ жыджэрагъ яхэлъныу, жылагъуэ гъащІэм хэтыну. ЩІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хэхьиныгъэхэм емыкІуалІэмэ, къэралым щыІэ политикэ щытыкІэр кьафІэмыІуэхумэ, политикэм ирисондзджэр икІи пэжыгъэ зыхэмылъ цІыхухэм я жыІэм нэхъ тыншу ирагъэдІуэфэ. Сыт хуэдэу жытІэми, щІалэгъуалэр хэхьиныгъэ щІыхэтым и деж абыхэм я къэкІуэнур кьыхахыу аращ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ**Чеченов Ануар** зэрыкІалмкІэ, КЪБР-м хэхакІуэу исым я Іыхьэ пІанэм нэблагъэр щІалэгъуалэ ныбжьым итхэрщ. Ауэ хэхьиныгъэхэм кьрикІуэкар я щыщІабжьыжьым деж ахэр нэрылъагъуу нэхъ мащІэу я къыщІокІ.

- Хэхьиныгъэхэм кьарикІуэхэм кьыбгурагъаІуэ щІалэгъуалэм яхэлъ политикэ, граждан жыджэрагъыр зыхуэдэр, ахэр къэралым щекІуэкІ жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ Іуэхуэхэм зэрыхущытыр, - жиІащ Чеченов Ануар.

Спикерым къыхигъэщхьэхукІащ щІалэгъуалэм правовой щІэныгъэ егъэгъуэтыным, хэхьиныгъэмкІэ абыхэм яхэлъ жыджэрагъыр къэІэтыным хуэгъэзауэ къэралым щагъэзащІэ программэ пыуыкІаХэр зэрымащІэр икІи апхуэдэ щытыкІэр кьызэнэкІыныжьмкІэ хэкІыпІэу кьилъытэхэр утыку кьрихьащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Зауэмрэ президент хэхьныгъэхэмрэ

«ЗэхъуэкІыныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэмрэ я телъхьэ щІыхубз фронт» зэгухьэныгъэм Сирие Хьэрып Республикэм и унафэщІхэр кьыхуриджащ мэкъуаурэгъуэм и 3-м я къэрал ныбжьым президент хэхьныгъэхэр щрамыгъэкІуэкІыну.

«ЩхьэусыгъуэщІ зэхуэмыдэхэм къыхэкІыу а ІэІэтым кьрихьэлІэфынукъым къэралым и щІыхуэ куэд дыдэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, ар щІыхуэбэм я Іуэху еплъыкІэр кьыщагъэлъагъуэ Іуэху хъунукъым, - жиІащ а зэгухьэныгъэм и унафэщІ Джамиля Кадри. - Зауэм и зэранкІэ я псэупІэхэр ябгьнэн хуей хъуащІ щІыху мелуанибгъум. АтІэ, ар хэхьныгъэу къэпльытэ хъуну?»

Къухьэпіэ къэрал зыбжанэми даІыгъ апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр. Псалъэм папщІэ, Инджылызым нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Хейг Уильям жиІащ хэхьныгъэхэребгъэкІуэкІынкІэ Іэмал имыІэу. «Къэралым лъы щагъажэу, цІыху мелуан бжьгъэхэр я хэкум икІи хуей хъуауэ къэрал Іэтащхьэ хэпхыныр къэзэгъыркъым», - жиІащ абы.

Сирием иджыпсту и унафэщІхэм ауи даІыгъыркъым апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр. Абыхэм кьызэралъытэмкІэ, а хэхьныгъэм кІэ иритынущ къэралым щекІуэкІ зауэм. Президент хэхьныгъэхэр зытрауауа мазхуэм егъэкІуэкІыным и телъхьэу кьалэ уэрамхэм щІыху минипщІхэр кьудохьэ. Абыхэм яІыгъщ Сирием и къэрал ныпымрэ Асад Башар и сурэтхэмрэ.

Атомыр къамыгъэсэбэпу

Жьым, псым я кьарур щІыхуэхэм я фейдэ хэлъу къэгъэсэбэныным куэд щІауэ йолэжь щІэныгъэлІэхэр. Дунейм щІыкуэдщ апхуэдэ электростанцхэр.

Абыхэм кьахэхъуащ Испаниемрэ и хьІтыгуэхэм я нэхъ щІыкІу дыдэ Эль Йерро жьым и зэфІэкІ псори «къыщІпкърахыну» я мураду щащІа станцыр. Мэкъуаугъуэм ар яутІыпщмэ, хьІтыгум уэздыгъэкІэ езым нэсу зыкъызэригъэпэщы-жьыфынущ икІи Эль Йерро дунейм щІэрыІуэ щыхъунущ жьымрэ псымрэ я кьарум фІэкІа хэмыхьу электрокьару кьыщлажь щІыналъэ зекъуэу зэрыщытымкІэ. Абы щыІэкъым цІыхум и узынщагъэм зэран хуэхъу, шынагъуэ кьызыпкърыкІынкІэ хъуну атом станцэр.

«ЩІыжьапщэм деж гурыІуэгъуэщ, ауэ щыуэмым деж станцыр зыгъэлэжьэнур сыт?» - жьзыЗэнухэм иратыну жэуапри я хьэзыщ ар къэзыгупсысахэм. «Жьапщэр зэхуэзыхьэс, зыхъумэ» Іэмэпсымэ яІэщи, ар щахуримыкъум деж абы хэІэбэнущ икІи цІыхуэхэр электрокъарукІэ кьызэгъэпэщынщ зэи щызэбгъэунукъым хьІтыгум. ЦІыху минипщІым тІэкІу щІитІу фІэкІа щыпсэуркъым а хьІтыгум икІи мегаватт 11,5-рэ зи лъэщагъ жьыху-станцым кьиэжьыфынущ ахэр зыхуэі электрокъарур.



♦Гъунапкъэхъумэм и махуэщ
♦Азербайджаным и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Республикэм и махуэщ
♦Армение Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ
♦1923 гъэм Адыгэ Республикэм и профсоюзхэр кьызэрагъэпэщащ.
♦1928 гъэм Мейкъуапэ кьыщызэІуахащ Адыгейм и тхыльэ тедзапІэр.
♦Киноактер, КЪБР-м и цІыхубэ артист, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молей Барэсбий** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦АР-м, КЪБР-м, КЪШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым и цІэр зезыхъэ, ДАХ-м я саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ Республикэм и гимныр зытха **Мэзбащ Іэ Исхьэкъ** 1931 гъэм кьалъхуащ.
♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ **Джэрыджэ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Егъэджэныгъэ

Япэ экзаменыр зэщІэгъэуІуат

Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэр къэзыухъуэм япэ экзаменыр ятащ езыхэм кьыхаха предметхэмкІэ. Экзаменхэр щекІуэкІа пэшхэм видеокамерэхэр щІэтащ, абы кьыдэкІуэу дэтхэнэ аудиториеми щекІуэкІым хуейкъэ интернеткІэ епльащ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ инспекторхэм, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм кьызэралъытамкІэ, экзаменыр зэщІэгъэуІуауэ екІуэкІащ, жиІащ КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ. КъыкІэлъыкІуэ экзаменыр урысыбзэмкІэ ятынущ. Ар щекІуэкІынур накъыгъэм и 29-рщ.

ЗэрытщІэжщи, нэгъабэ Зыуэщыт къэрал экзаменхэр щыщыІахым Къэбэрдей-Балъкъэрыр мыхъумыщІагъэ нэхъыбэ кьыщыхъуа субъектхэм яхэхуащ. Абы кьыхэкІыу кьулыкъущІэ щхьэхуэхэр я ІэнатІэхэм ІуагъэкІащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

● Узыншагъэ

Сабийхэм йоІэзэ

Бакулевым и цІэр зезыхьэ гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ щІэныгъэ центрым и профессор Шаталов Константин зи пашэ дохутыр гупыр накъыгъэм и 29-м Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым щылэжьэнущ. Ахэр еплъынущ гу узыфэр зиІэу къалъхуа сабийхэм, адэкІи зэрелэзэнум теухуа чэнджэщхэр иратынущ.

ІэщІагъэлІхэм сабийхэм я узыншагъэр къапщытэнущ щІэныгъэ центрым и Іэмэпсымэхэмкіэ икІи операцэ щыІэ хуей сабийхэр кьыхахынущ. Абы кьищынэмыщІауэ, дохутырэр еплъынущ нэхъапэкІэ операцэ щыІэ щата сабийхэм я узыншагъэм. Апхуэдэуи ІэщІагъэлІхэр район сымаджэщхэм кІуэнущ.

Мы зэманым кардиохирургхэм я дэІэпыкъунырэ хуэныкъуэ сабийхэр кьыхатхыкІ. Бакулевым и цІэр зезыхьэ гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ щІэныгъэ центрым и дохутырэм республикэм щыпсэу сабий 300-м нэблагъэм я узыншагъэр илъэс кьэс къапщытэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми доІэпыкъу.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм.

Унафэщі лэжьыгъэм хурагъэджэнухэр

УФ-м и Президентым и программэм ипкъ иткІэ унафэщІ лэжьакІуэхэр ягъэхьэзырын папщІэ, республикэм кьыщыхах Москва кьалэм и вуз нэхъыфІхэм щрагъэджэну ІэщІагъэлІхэр. Ахэр кьыхэхьыным теухуауэ ирагъэкІуэкІа зэпеуэм япэ Іыхьэм хэта цІыху 11-м щыщу 9-р пхыкІащ. Ауэ 2014 - 2015 гъэ еджагъэуэм республикэм кьыбгъэдэкІыу ирагъэджэну федеральнэ комиссэм хуит ищІащ цІыху 27-рэ ягъэкІуэну.

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм накъыгъэм и 22-м щІидзауэ кьыхех мы кьыкІэлъыкІуэ программэхэмкІэ ирагъэджэнухэр:

А, В гупхэм хиубыдэу ирагъэджэнущ (сыхьэт 550-кІэ) менеджментым, маркетингым, финансхэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм я ІэнатІэхэмкІэ ІэщІагъэлІхэр (ахэр тхьэмахуэ щырыщкІэ плІэ ежьэн хуейщ);

С гупым хиубыдэщ хъэрычэт Іуэхум зегъэужьыныжьмкІэ, инноваці ІэнатІэм и менеджментымкІэ ІэщІагъэлІхэр (сыхьэти 120-рэ). Ахэр тхьэмахуэ щырыщкІэ еджакІуэ щэ кІуэн хуейщ.

ІэщІагъэлІхэр егъэджэным трагъэкІуадэ ахъшэм и процент 33-р федеральнэ бюджетым, процент 33-р республикэм и мылъкум кьыхах, процент 34-р ІэщІагъэлІыр кьызыбгъэдэкІ организацэм е езы ІэщІагъэлІым ят.

Зыхуэфащэ организацэм е езы ІэщІагъэлІым кьыІах процент 34-р зэрыхъэр:

А программэмкІэ - сом мин 45 - 50;
В программэмкІэ - сом мин 30 хуэдиз;
С программэмкІэ - сом мини 10 хуэдиз.

Еджакіуэ ягъэкІуэнухэр кьыщыхах зэпеуэм зэрыхэтым папщІэ А программэмкІэ сом 3900-рэ, В программэмкІэ сом 2900-рэ, С программэмкІэ сом 1900-рэ кьыІах.

Зэпеуэм хэтынухэр «Модеус» хъыбарегъащІэ системэм щатхынущ бадзэуэгъуэм и 10-м нэсыху. Еджакіуэ кІуэн папщІэ зэпеуэм хэтыну хуей псоми зыхуэфащэ хъыбархэр БКЪР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и сайтым щагъэтынущ е **8 (8662) 40-97-04** телефонымкІэ псальэу зэрагъащІэ хьунущ.

● ЩІалэгъуалэм и Парламентым

Псыдзэм и зэраныр зэрагъэмэщІэным хущІокъу

Республикэм иужь зэманым уэлбанэщхуэ зэрыщыІам, кьурушпсхэр кьыззэриумкьыхэкІыуІэмыжхэм, адрей ухуэныгъэхэм я щытыкІэр иджыблагъэ кьапщытащ КЪБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и ІэщІагъэлІхэм.

МИНИСТР Газаев Мухьтар зи пашэ гупыр Бахъсэн районым и кьуажэхэм щыІащ. Аэр зэпІъа автомобиль псэугуу, лъэс зекІуалІэ гъэзугу 20-м щыщу утемышыныхьыну къыхэкІар щы кьудейщ. Адрейхэр жьы дыдэщ е зэгъэпэщыжьын хуейщ. Зеикьуэ, Жанхъуэтекьуэ, Исльэмет, Кьыщтэ кьуажэхэм, нэгъэущІ жылагъуэ зыбжанэми псыжапІэхэр тэмэму щыгъэбыдакьым, лъэмыжхэри икІэщІыпІэкІэ зэгъэпэщыжьын хуейщ. ХьэтІохъущкьыуей, Исльэмет кьуажэхэм я хьэблэ щхьэхуэхэм илъэс зыбжанэ льандэрэ псыр ящІоуэ.

ЩІалэгъалІхэм я кьэпщытэныгъэм кьиІэльэгъуащ псыхъуэхэри егъэлеиуэ зэрыфІейр, хабзэм кьемыззгъыу куэнышь идзыпІэ куэд абыхэм зэрыщыІэр.

Мыпхуэдэ кьэпщытэныгъэхэр республикэм и район псоми щекІуэкІынущ. Абыхэм кьарикІуахэм япкъ иткІэ зыхуэфащэ тхыгъэ КЪБР-м и Правительствэм и пащхьэ иралъхьэнущ.

ШАКЪ Заринэ.

Дэ дызэкъуэтщ

«Дэ дызэкъуэтщ» - аращ фІащар ХьэтІохъущыкъуей курыт еджапІэ №1-м и 10-нэ классым щеджащ ныбжьыщІэхэм папщІэ ирагъэкІуэкІа дерс зэІухам. Ар ягъэхьэзыращ тхыдэмкІэ еджакІуэхэу ХьэцІыкІу Эммэрэ ПшыгъушэМаритэрэ икІи Кьрымыр Урысейм кьызэрыгухьажар еджакІуэхэм кьаззэрыщыхьуар жрагъэІэным траухуат.

УРОКЫМ зыкъраГъэхьэлІащ «Урысей зэкъуэт» партым хэт Куэшы Ларэрэ Мыд Марьянэрэ.

Япэ Іыхьэм еджакІуэхэм утыку кьрахащ езыхэм ягъэхьэзыра докладхэр. Урысеймрэ Кьрымымрэ я тхыдэм ирипльэжа ныбжьыщІэхэм я гупсысакІэрэ епльыкІэ гъэщІэгъуэныр. Ясин абдежым щыжиІащ и адэшхуэр школыр кьиухагъащІэу 115-нэ лъэпкъ зы дивизэм, иужькІэ тенджыз Іуфэм зэрыщызэуар. 1944 гъэ пщІондэ ар щухьэмгъаззу Керчрэ Севастополрэ я хуитныныгъэм щІэбэнащ, иужькІэ Белорус фронтым дзэпщ хахуэ Баграмян и унафэм щІэту зэуащ, Сапун бгым дежьи къыщІгъэлъэгъуа ІыкІи сэбэныгъэ ящІа абы кьратащ «Хахуагъэм папщІэ» дамыгъэр. Иджыпсту Мусэбий кьуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ. Ясин кьыхигъэщащ и адэшхуэм и Іыгъэм зэрыригушхуэр, абы хуэфащэу щытыну зэрыщІэхъуэпсыр.

- Иужьрей зэманым кьытІэрыпхьэ хъыбар гуапэхэм ящыщщ Урысейм Кьрымыр кьызэрыгухьэжар, - жиІащ Куэшы Ларэ. - Дэ хуабжьу дигу ирихьащ еджакІуэхэм жьы ящІэту, жыджэру мы Іуэхум зэрыбгъэдыхьар. ДызыщІэса дерсхэм щыщу нэхъыфІхэм яхьдобжэ нобэрей урокыр. Ар щІэщыгъуэу зэхэхуэнауэ екІуэкІащ. Дигу ирихьащ щІэныгъэ, гъэсэныгъэ лажьыгъэхэр зэдэкІуэу зэревгъэкІуэкІыр, сабийр хэкупсэу кьэгъэхъуным иужь фызэриты.

ЕджапІэм и унафэщІ Нэхущ Аллэ псалъэ гуапэхэр яжриІащ хьэщІэхэм, урокыр гукъинэж ящызэрыщІа егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмри. Апхуэдэу унафэщІым кьыхигъэщащ мыпхуэдэ дерс зэІухахэм мыхьэнэшхуэ зэрыратым, ныбжьыщІэхэр еджэным драгъэхын папщІэ бгъэдыхьэкІэщІэхэр сыт щыгъуи кьызэрыхуагъэутыным.

Тхыгъэри сурэтри зейр
ТАБЫЩ Динарэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ХьэщІэ зи жагъуэм лыхуэ хуегъажьэ.

Я ныбжькІэ щІалэми, жыдзэрагъ яхэлъкъым

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь Атмурзаевэ Иринэ хэхауэ тепсэльыхьащ щІалэгъуалэм хэхыныгъэхэм кьикІышхуэ щымыІэу кьиІэзрэльытэм. Абы кьиухэкІыу хэхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэхэщІыкІкІэ кьэІэтыныр кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. А мурадыр гъэзэщІа хъун папщІэ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр кьеГъэсэбэн: министерствохэмрэ ведомствохэмрэ ящыгъуу конференцэхэр, зэпеуэхэр, олимпиадэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэхьыхэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьиІэзрегъэпэщ.

- Агитацэм и Іэмал нэхъыфІхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ хэхакІуэ ныбжьыщІэхэр граждан жылагъуэ Іэужыщапіэхэм я лэжьыгъэм хэушныр, - жиІащ Атмурзаевэ Иринэ. Абы кьихьа бжьыгъэхэм ятепщыхьымэ, илъэситху и пІалъэ 2013 гъэм республикэм кьыщызэрагъэпэща участкэ хэхакІуэ комиссэу 355-м зи ныбжьыр илъэс 30-м ІэмыкІа щІалэрэ хъыджебзу 409-рэ хэтщ, ар а комиссэхэм хэт пооми я процент 13,65-рэ мэхъу.

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэужъхэмкіэ и министерствэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и департаментым и унафэщІ Кіурашин Анзор кьыщыпсалъэм зэрыжиІамкІэ, щІалэгъуалэр зэрыжэрдэмыншэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ зэхъэхьныгъэхэм я лъэхъэнэм ахэр зыхуэфащэ Іэужхэм жыджэру зэрыхамышар. Абы кьыхэкІыу щІалэхэмрэ хъыджебзхэмрэ къэралым и политикэ, социальнэ гъащІэм пэІащІэу йокІуэкІ. Къэпсалъэм кьыжигъащхьахуІащ егупчу щІалэгъуалэ политикэр пхигъэкІыу къэралым и пэжыпІэкІэ хуемыжьауэ апхуэдэ щытыкІэр кьызэбгжьыну зэрыгугъур.

- КЪБР-м и щІыналъэ советхэм хэтхэм ящыкъэплъэкІэ нэрылъагъуу пщохъу абыхэм я депутатхэм щІалэгъуалэу хэтыр проценти 4-м зэрыщІимыгъур. КЪБР-м и Парламентыр кьапщтэмэ, иджыдрей хэхыгъуэм зи ныбжьыр илъэс 30-м щІимыгъуауэ зыри хьихьакъым, - жиІащ КІурашын Анзор.

А псоми къадэкІуэу, зэІущІэм кьрихьэлІэхэм кьыззэрахагъэщамкІэ, щІалэгъуалэ чэнджащэгъу Іэужыщапіэхэм зэрызауэным щыхьэт техьуэ щапхьэхэр щыІэщ. Нобэм ирихьэлІэу муниципальнэ районхэм я щІыналъэхэм я деж щІалэгъуалэ совету 9 щыІэщ, КЪБР-м и Парламентым и деж щІалэгъуалэ палатэ, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щІалэгъуалэ совет - апхуэдэу республикэм и щІалэгъуалэм правительствэм кьызэрагъэпэщащ. Май муниципальнэ районым, нэгъуэщІ щІыналъэхэм я еджапІэхэм хъарзынэу щолажьэ еджакІуэ, студент щІалэгъуалэм я унафэхэр зегъэкІуэныгъкІэ советхэр.

Кіурашын Анзор кьыхилъхьащ щІалэгъуалэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным хуэунэтІауэ зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэкІуэкІыным, хэхакІуэ комиссэхэм хэтхэмрэ депутатхэмрэ республикэм и школхэм щеджэхэмрэ студентхэмрэ яхуэгъэзэным техуха жэрдэм. Ауэ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ Саенкэ Татьяна жиІащ апхуэдэ программэ пыухыкІа илъэс куэд льандэрэ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм зэрыщагъэзащІэр.

Зытепсэльыхь Іэхум екьэлІа лэжьыгъэр зэщІэгъэІуэныкІэ хэкІыпІэу кьалъытэхэр зэІущІэм утыку кьыщыпхальхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэ Багъэтэр Алим, КЪБР-м и Парламентым и деж щІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ, Іэущхьэмахуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Джаппуев Мусса, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и деж щІэ ЩІалэгъуалэ парламентым и унафэщым и кьуэдзэ Нэзрэн Беслъэн, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и япэ курсым щеджэ Ефэнды Лянэ сымэ.

Зэ Іущ Іэм и кІэухым КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Жаным Руслан псалъэмакъыр зэІухуэу икІи купщІафІэу зэрекІуэкІар кьыхигъащхьэхкІри, кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ республикэм бжьыхьэм щекІуэкІыну политикэ Іэзэхущхуэм и пэ кьихуэу щІалэгъуалэм егупчу ядэлэжьэн зэрыхуейр.

Зэ Іущ Іэм хэтахэм кьащтащ КЪБР-м и Парламентым, КЪБР-м и Правительствэм, КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм, зыхуэфащэ адрей министерствохэмрэ ведомствохэмрэ яхуэгъэза чэнджэщ пыухыкІаэр.

ОТАРОВЭ Фатімэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іэзэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

Къардэнхэ Машэрэ Хурэрэ

Зауэм и лъэужьхэр

Дэнэ щыІэ уи кхъащхьэр, си адэ?

Зи щхьэм пщІэ хуэзыщІыж дэтхэнэ цІыхуми ищІэн хуейщ къызыхэкІа лъэпкъыр, абы и нэхъыжьыфІхэр. Ильэс 70-м щІигъуа сэ сызыщыщ Къардэн лъэпкъым теухуауэ куэдым сыщыгъуазэщ, арщхьэкІэ мащІащ спІэр си ада Къардэн Машэ Сэлихь и кІуэм, си адакъуэщхьэм ятеухуауэ. Си гум кьеуэ апхуэдэ щыщІэныгъэм и щхьэусыгъуэр цІыху куэдым кІуэдыпІэ яхуэхъуа, мымащІэми я гъащІэр зэхэзыкъута Хэку зауэшхуэр арауэ къызолъытэ.

КЪАРДЭН Сэлихь и щІалипІри - Жанхъуэт, Машэ, Албий, Хьэжбий сымэ - псори зауэм дашащ, ар кьызэрыхъейуэ. Ахэр я псэ емыблэжу бийм пэщІэтащ, лІыгъэрэ хахуагъэкІэ къиКІуэта яхэмыту. Псэууэ кьэзыгъэзэжар Жанхъуэт и закъуэщ, ари Хэку зауэшхуэр иухыу заули дэкІыжауэ. Зауэ гуащІэхэм хэту уІэгъэ хъури гъэр ящІауэ щытати, абы кьыхэкІыу тутнакъым ирагъэсыжат. Адрей зэшищым я псэр щІатащ ТекІуэныгъэ иным.

Жанхъуэт унагъуэ иІами, бынышэу псэуащ. Албий кьыщІэнат хъыджебзхэу Зоерэ Дусярэ, зы щІалэ, Шурэкіэ еджэу. Хьэжбий зауэм и пэ унагъуэ иухэну хунэсатэкъым.

Си адэ Машэрэ си анэ Хурэрэ (ар КІэрашэхэ япхъут) бынищ драІащ: си щыпхъу нэхъыжьхэу Розэ, Фоэ, сэ. Ди адэр хъыбарышІэу кІуэдауэ тхылъ кьытІэрыхьа нэужь, зыхуей дыхуигъэзэн, дипІын, гъащІэм цІыху тэмэму дыхигъэувэн хуей хьэщ ди анэ тхъэмыщкІэм. ПсалъэкІэ кьыпхуэмыІуэтэным хуэдиз гугъуехьрэ бэлыхьрэ и фэм дэкІащ абы. Дауи, ди унагъуэм хуэдэу адэр зыщхьэмытыжхэр мин куэд хъурт а зэманым, зауэ гущІэгъуншэм фызабэрэ зеиншэ ищІахэр бжьыгъэншэт. Ди анэм хуэдэ быльхъугъэ цІыкІуэхэрт апхуэдэ унагъуэхэм щІэнэгъкъуэн нэхъыщхьэу кьахуэнар. Гугъущэ ехьащ ди анэр. Быным кьыдэлІалІэ зэпыту псэуащ ар. 1968 гъэм дунейм ехьжащ (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ).

Си анэм хуэдэу ялъэкІ кьамыгъанэу, унагъуэм сэбэныщхуэ щыхъуу, лэжьыгъэ ІэнатІи ирахьэкІыу зауэ нэужь льэхъэнэм гугъу ехьащ си щыпхъуитІри. Си щыпхъу нэхъыжь Розэ (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ) ильэс 12 ирикъуа къудейуэ арат колхозым лэжьэн щыщІидзам щыгъуэ. Балигъхэм ябгъуныту абы нтъэзащІэрт пщэрылъ кьыхуащІ дэтхэнэ Іуэхури. Школым кІуэну Іэмал лъэпкъ имыІами, ар тхэфырт, еджэфырт, езыр-езыру зригъэсауэ. Фози арат: зи Іэпкълъэпкъыр иджыри зэрымыубыда сабийуэ ари колхоз фермэм щылэжьащ жэмыш; ипэ ищ хэмыт жыхуаІэм хуэдэу. ЖыпІэну-рамэ, си анэ тхъэмыщкІэми си щыпхъу нэхъыжьитІми ялъэкІ лъэпкъ къагъэнакъым сэ, я анэкъэлъхъу нэхъыщІэм, щІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ зэзгъэгъуэтын папщІэ. Налшык дэт медицинэ еджапІэр 1964 гъэм екъулІэныгъэкІэ къызэрызухар псом ящау зи фІыгъэр аехращ. Еджэныр сыуха нэужь, дзэм къулыкъу щысщІащ илъэситІкІэ. Абы льандэрэ блэкІа илъэс 50-м нэсым медицинэ ІэнатІэм сыІутщ, псэ хьэлэлу щІыхухэм сазэрыхуэлэжьным сыхущІэкъуу.

Балигъыпіэ сызэриувэ льандэрэ сэ кьызэлъхъуэ си адэм и кІуэдыкІа хъуэм теухуа хъыбар гуэр. Сыхуейщ абы и кхъащхьэр кьэзгъуэту адэжь щІыналъэм щыщ щІы Іэмышщ ІэтскІутэну, абы и сыныщхьэм си Іэр дэсльэну. МызэмытІэу апхуэдэ лъэІуэжмкІэ захуэзгъэзащ дзэ военкоматым и Іэщ Іагъэлъ Іхэм. Абы хэм я жэрдэмкІэ тхылъэ езгъэхьащ Подольск къалэм дэт зауэ архивым, арщхьэкІэ жэуап пщыхьыкІа зыщІыпІи щызгъэзэтакъым. Си адэм теухуауэ сщІэращи, ар 1904 гъэм къалъхуащ. 1942 гъэм Лэскэн райвоенкоматым и дэфтэркІэ зауэм дашащ. Архивхэм кьыщызгъуея дэфтэрхэри зэтехуэркъым: зыщІымкІэ, Къардэн Машэ Сэлихь и къуэр 1944 гъэм зауэм хэкІуэдащ. Адрей дэфтэрым, мы гъэм мэльжьыхьым и 29-м кьысІэрыхьам, кьызэрыщыгъэльэгъуэмкІэ, ар хъыбарышІэу 1943 гъэм кІуэдащ. Абыхэм ящыщу пэжыр дяпэкІэ зэхэзгъэкІыну си мурадщ.

НэгъуэщІ зы хъыбари щыІэщ ди адэм и кІуэдыкІам теухуауэ. Ар кьысхуИуэтэжащ Аргудан къуажэм щыщу ди адэм кьыдэзэуауэ щыта Сэбанщы Хьэчим. Абы зэрыжиІэжамкІэ, Ростов областым хьхъэ Вешенкэ станицэм и Іэшэльашэхэм щекІуэкІа зэзауэ гущІэхэм зэдыхэтащ ахэр. Ди адэр уІэгъэ хъуауэ ильэгъуащ, арщхьэкІэ абы епщыІэу дэІэпыкъуэгъу хуэхъуну занщІэу хуэзфІэкІакъым. ИужькІэ апхуэдэ Іэмал игъуэту а щІыпІэм щигъэзэжам, ар абдежым щымыльхьажуэ жеІэ.

Дэнэ щыІэ уи кхъащхьэр, си адэ? Сытхэр уи кІуэдыкІэ хууа? Сытым уегупсаса уи иужьрей бэуэгъуэм? Уи кхъащхьэр зыдэщыІэр уи быным дымыщІэми, ди гум пхуилъ хуабагъымрэ ІэфІыгъэмрэ уи псэм зыхищІэн, абы дэгуфІэн Тхьэм ищІ. Ди къэралым, ущалъхуа щІыналъэм, уи быным я щхьэхуитыныгъэм, ТекІуэныгъэ иным уи псэр щІэптащи, уи ахърэтыр нэху хъуауэ, ди анэм фэрэ фи псэхэр зэхуэзэжауэ Алыхьым кьыщІигъэкІ.

Ди къэкІуэну дахэм щІэхъуэпсу си псэр зауэ Іэнатіэм щызытахэм ягъэва гугъуехьхэр псапэу Тхьэм кьаритыж. Абыхэм я фэепльхэр ирахъумэ кьащІэхъуэ щІэблэхэм.

КЪАРДЭН Хьэутий.
Аруан кІуей, Къэхъун кІуажэ.

● КъБР-м и Прокуратурэм

Зэгъусэу икІи зэдэІэпыкъуу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий КЪБР-м и Іэтащхьэм и деж сабийм и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэ Уэгъуэ Светланэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущащ.

ЛЪЭНЫКЪУИТІЫР тепсэльыхьащ сабийм и хуитныгъэхэмрэ хабзэкІэ и сэбэн зыхэлъэмрэ кьащхьэщыжыным теухуа Іуэхухэм, дяпэкІэ зэрызэдзлэжьэну щыкІэм.

Лаврешин Юрий кьыхигъэщхьэхуКІащ мы Іэнатіэм кІэлъыплъныгъэр щыгъэльэщын зэрыхуейр.

2012 гъэм мазаем и 20-м КЪБР-м и прокуратурэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж сабийм и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэмрэ зэращІыІа Іэзэгрыуэныгъэр ягъэзэщІэным лъабжьэ хуэхъунущ сабийхэм я хуитныгъэхэм ебакъуэхэм, апхуэдэхэр хабзэм ельэІэжьным теухуауэ ялажьхэмкІэ зэхъуэжныр. Зэ Іущ Іэм апхуэдэу и гугъу щащІащ балигъ мыхъуахэр щапІ школ-интернатхэм, сабий унэхэм кІуэурэ зэгъуэгу Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІыныжмкІэ щыІэ Іэмалхэм.

● Пэкіу

Зэи ягу ихунукъым

Полицэм и лэжьакІуэхэу Чып Заурбэч, Джэрыджэ Мурат, ЛІыкъуэщащэ Замир, Мэлыхъуэ Аскэр, Мэзан Заур, Шыбзыхъуэ Альберт, Шэшэн Мухьэмэд, апхуэдэуи щІэпхъаджащІэхэм яІэщІэукІа хьэрычэтыщІэ Хьэщыкъуей Сафудин сымэ я сурэтхэр кьызытещ фэепльмемориал пхъэбгъур Бахьсэн куейм хьихь Ислъэмей къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м и фойем щагъэуваш.

ФЭЕПЛЪЫР кьыщызэІуахьм кьрихьэлІащ район администрацэм, жылагъуэ зэгъуэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, хэкІуэдахэм я лэжьэгъуэхэр, ныбжьэгъуэхэр, я унагъуэхэм щыщхэр.

- Хэщ Іныгъэм утепсэльыхьыну сыт щыгъуи хьэлъащ, ауэ зи щІалэгъуэ, зи кьару илъыгъуэ щІыхухъуэм я гъащІэр кьыщызэпыудкІэ, тІуащІэу нэхъ гугъущ, гур зыкъузщ, - жиІащ Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэбэч Анзор, кьызэхуэсахэм защІыхуигъаазэм.

Зи гъащІэр гуузу кьызэпыуда полицейхэм ятеухуа гукъэкІыжхэр егъэджакІуэхэмрэ я кьуажэгъуэмрэ зэхуэдэІуэтащ, пщІэ зиІэ апхуэдэ бынхэр зыгъэса адэ-анэхэм фІыщІэ хуащІащ.

Юстицэм и майор Джэрыджэ Муратрэ полицэм и лейтенант ЛІыкъуэщащэ Замиррэ апхуэхэр я адэхэм ятеухуа уэсэхэм ьеджащ. Нэпсхэр кьезыгъакІуэ сатырхэр итхащ урысыбзэмкІэ егъэджакІуэ ТІэхьир Светланэ.

Пэкіу и кІэухыу зы дакъикъкІэ щымри, мемориал пхъэбгъум деж удз гъэгъахэр ягъэтІылъащ.

АБАЗЭ Лерэ.

● Нобэ Гъунапкъэхъумэм и махуэщ

Я къалэным хуэпэжу

Нобэ Урысейм щагъэлъапІэ гъунапкъэхъумэм и махуэр. Дэтхэнэ кьэралми и щІыналъэр кьыщежьэр гъунапкъэрщ икІи ар зэрахъумэ щІыкІэр абы и лъэщагъыр зыхуэдэр кьэзыгъэлъагъуэщ. Дуней псом нэхъ гъунапкъэшхуэ дыдэ щызыІэ къэралщ Урысей Федерацэр, ар хъумэным кьаруушхуэ ирихьэлІэ зэпыту кьокІуэкІ.

ДИ ХЭКУМ и гъунапкъэхэр Кавказым щызыхъумэ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КЪБР-м щыІэм и тхыдэри и нобэрей махуэри кьыгуэхьпІэ имыІэу епхащ граждан зауэм иужькІэ къэралым щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм. Абыхэм къэрал гъунапкъэр хъумэным я кьару псори хуэзэщІагъэуІуэну, я нэІэ щІэтыныр кьащтэн хуейт. ИпэжьмпІэкІэ абы щыгъуэ 1924 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Азербайджан ССР-м и щІыналъэм совет-иран гъунапкъэр щызыхъумэ 27-нэ Пришиб гъунапкъэхъумэ батальоныр и лъабжьэу 43-нэ Белясуар гупыр кьызэрагъэпэщащ, иужьым ар ОГПУ-м Геок-Тапинскэ отряд хъуащ.

2006 гъэм мэкъуаэгъуэм и 1-м Баракъпльыжьзехьэ Налшык гъунапкъэхъумэ гупыр и лабжьэу Урысей ФСБ-м КъБР-м щыІэ Гъунапкъэхъумэ управленэм хуагъэкІуащ. Ар зэпэщІащ иджырей Іэмэпсымэрэ техникэкІэ, псэуплъэкІэ кьызэгъэпэщащ республикэм и заставэхэр, ефІакІуэ зэпытщ Іуэхущапіэ нэхъыщхьэу Налшык дэтыр.

Зы къэрали дунейм теткъым езым и гъунапкъэр имыхъумэу. Ар абы зэрыхуэзэфІэкІым куэдкІэ елытащ и экономикэм зэрызиужьри и льэщагъыр зыхуэдэри. Къалэн нэхъыщхьэр ди республикэм, къэралым я гъунапкъэхэр хъуэхъэныри, шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр щ.

УАРДЭ Женя.

● Абы дегъэпІейтей

Хэкіыпіэ къалъыхъуэ

Ди республикэм и жылагъуэхэр кьэгъэнауэ, къалэхэми нобэ ящрохьэлІэ гуп зэрыгъэхъуауэ дэт хьэ хьэулейкэм. Абы щыхур имыгъэпІейтейуэ кьанэркъым.

ЩЫХЬЭРЫМ и унафэщІхэм ар ямыльагъуу щыткъым. Яхуэзхуэмыгъэхъур абы кьыхуагупсысыну Іэмалырщ. Нэхъапэхэм хуэдэу «хьэ хъуэбыдхэм» ар зэтребгъэуІэныр щІыхугъэм кьезэгъыркъым икІи зызыужьа къэралыгъуэ куэдым я щапхъэхэм кьызэрыхэщыжьмкІэ, апхуэдэ Іуэншагъэм фІы льэпкъ кьишэркъым. Абы кьыхэкІыу хьэ Іыгъыпіэхэр кьызэрагъэпэщащ икІи ар псом нэхъэрэ нэхъыфІу кьалъытэ.

Мы Іуэхум теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым ветеринар медицинэмрэ биотехнологиехэмкІэ и кьудамэм и гупым Іэмал щьхэпэ кьыхьилъхьащ. Ар бизнес Іэнатіэхэм, щІалэгъуалэ зэгуэхэныгъэхэм, волонтёрхэм кьыдэІыгъмэ, Іуэхум Іэужьыф Іэзэриінуми шэч кьыгърахьэркъым. АтІэ псом нэхъ хэкІыпІэфІу абыхэм кьалъытэ, Налшык и Іэгъуэблагъэхэм кьудамитІу гуэша Іыгъыпіэ (питомник) кьыщызэгъэпэщыныр, зым хьэхэр, адрейм джэду хьэулейхэр ирашалІэу. ЖэрдэмщІакІуэхэр зэрепльмкІэ, ар тыншу кьыпхуэзэІухынущ а псэущхьэхэр гущІэгъуншэу зэтеукІэным хухах ахъшэмкІэ. Ауэ щыхъукІэ, гуэныхьи бэлыхьи кьамыхьу. КьимыдэкІэ, а щІыпІэм псэущхьэхэм я узыншагъэм кІэлъыплъ, нэгъуэщІ Іуэхухэр тэмэму езыгъэкІуэкІ ветеринархэр егъэбыдыпІауэ щытынущ. Абыкіэ езы щІэныгъэлІэхэри дэІэпыкъуэгъуэхуэ хъунут.

Псэущхьэхэр гъэшхэн зэрыхуейм тепщІыхьмэ, кьалэдзэ куэдым а хьэ, джэду екІуэлІапІэншэхэр уэрамхэми, паркхэми, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я бжэлупэхэми шхын хущІахьыурэ щагъашхэ. Абыхэм я деж кІэ гугъуехь лей хьунукъым а Іыгъыпіэ дыдэхэм яхуэзфІэкІыжкІэ ядэІэпыкъуну. Псом ящьхэращи, хэкІыпІэ щыІэщ, Іуэхур ублэн хуей кьудейуэ аращи, я псалъэр зэуапыншэу кьэмынэну щІэныгъэлІэхэр мэгугъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Фым хуащий

Урысей МВД-м и Налшык къалэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм гимназие №24-м и школакІуэхэмрэ дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэмрэ я зэІущІэ ирагъэкІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Налшык къалэм щыІэ УМВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт, КъБКъАУ-м коммерцэмрэ хуитныгъэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, профессор **Бэгъуэт Хьэмидий**, КЪБР-м и муфтийм щІалэгъуалэм ядэлэжьэнымкІэ и къэдзэ **Сыжажэ Алим**, Налшык къалэм и православнэ члисэм и лІыкІуэ **Осипов Константин** сымэ.

«СтІол хъурей» щытыкІэм иту екІуэкІа псалъэмакъыр теухуат щІалэгъуалэм я деж экстремизмэм зыщІубгъуныр кьызэпыудыным, лъэпкъ, дин зэпэщІэувэныгъэхэр зи щІалэгъуэхэм, ныбжьыщІэхэм я зэхуакъ къыдэхъуэным ебэныным.

Сыжажэ Алим исльам диным и унэтІныгъэ, купщІэ нэхъыщхьэхэм зэпкърыхауэ кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ. Апхуэдэуи ар кьытеувыІащ дин зэхьэкІар кьэзыгъэльагъуэ щІыкІэхэм. Абы ныбжьыщІэхэр нэхъыфІым хуэпабгъэу, зыр адрейм имыгъэпуду, нэхъыжьым, я адэ-анэм пщІэ хуащІу, нэхъыщІэхэм кьащхьэщыжу псэуну кьыхуриджащ. «Іуэхуфі фщІэрэ - фи адэ-анэхэр лъагэу фоІэт!», - кьыхигъащащ дин лэжьакІуэм.

Профессор Бэгъуэт Хьэмидий УВД-м и Жылагъуэ советымрэ Налшык къалэ и еджапІэхэмрэ зэрызэдалажьэр, дин зэхьэкІар щІалэгъуалэм я деж щыхапщэныр кьызэпыудыным гупылътэ зэрыхуащІым кьытеувыІащ. ЩІалэгъуалэм зэхущІытыкІэ тэмэм яку дэлъыну, я щІэныгъэм хагъэхъуэну, сыт щыгъуи фым хуэпабгъэу ипэкІэ кІуэну кьыхуриджащ.

Хабзэм теухуауэ къэпсэльащ Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм балигъ мыхъуахэм я Іэужъхэмкіэ и инспектор полицэм и капитан **Уэщхьэн Жаннэ**. Школакіуэхэр я псалъэмакъым жыджэру кьыхьхьащ, упщІэхэр иратащ, езыхэм я Іуэху еплъыкІэхэри жаІащ.

- Ныбжьэгъуэхэр, цІыхугъэхэр кьыщыхэфкІэ набдзэгубдзаплъэу фыщыт, дэтхэнэ зы льэбакъэуми япащІыкІэ фІыуэ фегупсыс. Дэ дыхуейщ ди жылагъуэм хуэфащэ цІыху нэс кьыфхэкІыну, зэрыщыту ди Хэкум и цІэр фІыкІэ вгъэІуну. ФэркІэ дыгушхуэну дыхуейщ, - зэхуигъэзащ школакІуэ ныбжьыщІэхэм Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм къэпльыхьэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ полицэм и капитан **Захаровэ Анна**.

- Къэкіуэнри зей щІалэгъуалэм сыт щыгъуи фи зэфІэкІым зэрызевгъэуІэныным фыхущІэкъу, а псори фым кьыщыгъэсэбэн. ГъащІэм мыхьэнэщхуэ щІищ гъэтІу тэмэм кьыхэхьныным, укъэзыгъэпэжьын ныбжьэгъу, цІыхугъэ нэс ущиІэным, - яжриІащ щІалэгъуалэм Осипов Константин.

ЩІалэгъуалэр псалъэмакъым жыджэру хэтащ, я Іуэху еплъыкІэхэр утыку кьрахьащ, упщІэхэри я мащІэтэкъым.

- Дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм, полицэм и лэжьакІуэхэм нобэ мыхьэнэшхуэ зиІэ псалъэмакъ купщІафІэ яратащ псэуплъэкІащ. А псоми и купщІэ нэхъыщхьэр кьызгурыуІуэу, фым фригъэгупсысу тегъэщІапІэ пэжыр кьыхэфхэуэ сыщогугъ, - захуигъэзащ еджакІуэхэм школым и унафэщІ **Рахаевэ Лейла**. КупщІэ зиІэ Іуэхугъуэр, езыгъэкІуэкІ Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищащ, - къет УМВД-м и пресс-Іэзэхущ Іапіэм.

Зыгъэхьэзырар
УЭРДОКЪУЭ Женящ.

Жэщ лъапIэхэр

• Уаз

ДыкъэзыгъэщIам и пщылIэм гушIэгъу къытхуищIыр гъунапкъэнщэщ, ауэ дэ ар нэхъыбэм зэхэтщIыкIыркъым. Апхуэдизкlэ Алыхым фIым дыкъыхуреджэ, Iейм дыщэхъумэри, гуэныхыыр къыщIытхуигъэгъу жэщ лъапIэ дыдэу тIыкIэ къытхуэупсащ. Аэр хъэдэр жэщымрэ бзраат жэщымрэщ. Къэдэр жэщыр нэщI мазэм хеубыдэ, бзраат жэщыр мы гъэм, зэрыхуагъэфащэмкIэ, мэкъуауэгъуэм и 12 - 13 жэщым тохуэ. А жэщхэм цIыхур щIэрыщIэу къалъхуэжым хуэдэщ. Гуэныхь гуэр зыIэщIэмыкI зыри дунейм дытеткъым, зы Iейм къыпэкIуэу зы тезыр Тхьэм къытхуэгъэув, зы фIым къыпэкIуэу псапэу 70 тхуэтх. Абы щыгъуэми шаабан мазэм и бзраат жэщым зы фIым псапэ 700 къыпокIуэ.

ИщХЪЭКIэ зи гугъу тщIа жэщ лъапIитIым щыззохкI адэкIэ цIыхум и къэкIуэнур зыхуэдэнур. Нобэкlэ зи гугъу тщIынур бзраат жэщыращ.

А жэщым Тхьэм и гъэугум темытхэр Алыхь Iэмыркlэ жэнэтым пэIэщIэ ящI, Къытщхьэщытым и арэзыщIынагъэм телажьэхэр жыхьэнмэ мафIэм щахъумэ.

Дин щIэныгъэлIэхэм жаIащ: «МелылIычхэм гуфIэгъуэщхуэу жэщитI уафэм щагъэлъапIэ (бзраат жэщымрэ жэщымрэ), цIыхухэм гуфIэгъуэ махуэщхуитI щIылъэм щагъэлъапIэ (нэщIикIыж хьидымрэ къурмэнымрэ).

Къэдэр жэщыр - гуэныхыр къыщIытхуэгъу, лъэпхуэр щабыл щыхъу жэщ лъапIэщ. Бзраат жэщыр - зэхэтэжкIыпIэ жащщ. Iей зылэжьхъэм Алыхым и нэлатыр трельхьэ, жыхьэнмэ мафIэри яхуэзщIегъанэ. ФIы зылэжьхъэм Тхьэм и нэфIыр щохуэри, жэнэтым псэупIэ щыхухех. А жэщыр насыпI зэхэгъэкIыпIэщ, языныкъуэхэр насыпыфIэ мэхъу, адрейхэр насыпыншэу къонэ.

Iимам Субутхьи зэрыжиIамкIэ, бзраат жэщым илъэс пощ цIыхум IэщIэкIа гуэныхьыр къыщIихуогъу (ар гурэ псэкIэ щIегъуэжрэ тобэ къыхьыжмэ). Мэрем жэщым тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэ гуэныхьыр, къэдэр жэщым ди гъащIэ псом гуэныхьу тIэщIэкIахэр къытхуагъэгъу (дауи, дыхущIегъуэжауэ тобэ къэтхьыжмэ. Тхьэр къытхуэгъэпцIэнукъым, ди гум илъыр ещIэ).

Iимам Ахьмэд къеIуэтэж: «Мухьэммэд бегъымбарым жиIащ: «Щэч хэлъкъым бзраат жэщым я гуэныхь къахуигъэгъун папщIэ Тхьэм цIыхухэм закъызэрыхуигъаззм, Алыхым и гъэгур IэщIыб зыщIахэм, адзанэр арэзы зымыщIхэм, фадэ зыфIэфIхэм, Iыхьлыр зыбгынэхэм кьищынэмыщIа».

Аращи,ажащIъапIэрэзыщывмыгъэгъупщэ, Тхьэм нэхъыбэрэ фызэрелъэIуным яужь фит, тобэ къэфхьыж.

Алыхым уелъэIуну зэрынэхъыфIыр: «Уэр фIэкIа Тхьэ щыIэкъым, Мухьэммэд Уэ уи лIыкIуэщ. Псори дызыщIуггъуищ, зыми щымыгугъ Уэращ псори зыхуэзфIэкIыр. Си натIэ Iей илъмэ, фIыкIэ схуэзэкIэ, Уэращ гуэзвэгъуэм дыщыхьэумэри, уафэмэ щIыпIэми, а тIум я зэхуакум дэлъри Уэращ зейр. Iейм дыщыхьумэ, уи гъээгу захуэмкIэ къытхуэупсэ».

Апхуэдизкlэ а жэщ лъапIэм лъэIур кьабыл мэхъури, Алыхым и лъэхьыл мэхьфузым (ар цIыхум и гъащIэр зэрыубзыхуар, и натIэ илъыр зэрыт тхыгъэщ) итыр зэрихьэкIыныр хэлъщ (елъэIум и гум илъым теуауэщ).

«Мухьэммэд бегъымбарым жиIащ: «Шаабан мазэм и кум хиубыдэ жэщыр кьыщысам деж, вгъакIуэ а жэщыр Тхьэм фхьуэпщы-лIу, махуэм фынэщI. А жэщым дыгъэр щыкъухьэжым ирихьэлIэу щIылъэм нэхъ пэгъунэгъу дыдэр уафэм нэс кьохри, Алыхым жеIэ: «Тобэ къэзыхьыж си пщылIэм яхэт, кьабыл сщIынущи? Гузэвэгъуэ зытелъу, ар Тхьэм бгъэдэзылъхьэ яхэт, ящхьэщсхынущи? КьызэлъэIу яхэт, яхуэсщIэнущи? Узыфэ зэуэлIауэ щхьэщсхыну кьысщыгугъ яхэт, щхьэщсхынущи?». Мис апхуэдэу нэху щыху щытынущ.

Бегъымбар лъапIэм деущий: «Бзраат жэщым Алыхьыр хоплъэ къигъэщIахэм я Iуэхур зыIутым. Абы псоми гущIэгъу яхуещI, Тхьэм и пIэкIэ нэгъуэщIхэм яхуэпщылIымрэ леймыгъэгуфхэмрэ кьищынэмыщIа».

Къэрал хабзэмрэ динымрэ зэдогъуэгурыкIуэ

• ЗэIущIхэр

Налшык къалэ дэт «Чайка» зыгъэпсэхупIэм щекIуэкIащ Къэбардей-Балъкъэрым ис муслымэн щIалэгъуалэр къэралым щыIэ хабзэхэм щыгъуазэ зэущIыным хуэунэтIауэ лъэкIыпIхьэхэм щытепсэлъыхь зэIущIэ. Абы къырихьэлIащ властым и лIыкIуэхэр, муслъымэн диным и лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, журналистхэр, нэгъуэщIхэри.

«ЧАЙКА» санаторэм щыIэхуэсахэр тепсэлъыхьащ «Узыхуей диным утетыну узэрыхуитмрэ дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхукlэ» федеральнэ хабзэм ипкъ иткIэ лэжьыпхъэхэм. ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Мусльымэнхэм я Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэзрэталий**. - Дин щэнхабзэр къыщыщIэрэщIэж мы лъэхъэнэм, ислъамым иригъэзэхэми зыхьащIэ Урысей Федерацэм и цIыхуу дыкъызэрынэжыр икIи дыщыпсэу жылагъуэм зыпыУддэрэ лъэныкъуэ зедгъэзыжу дыщыт зэрымыхъунур. Социальнэ-жылагъуэ Iуэхухэм жыдкэру дыхэтын папщIэ, дэ, ислъам диныр зезыхьэхэм, Iуэху епIыкIэ узынши дбгъэдэлъын хуейщ. ЗэрыфщIэщи, муслъымэнхэм гъэзугъгъэлъагъуэу яIэр ислъам диным къигъэув хабзэгъыпхъэхэращ. Ар пэжщ. Ауэ, абы кьыщыхьэуи, ислъам диным иригъэзэхэр зыщыпсэу жылагъуэм зыщысэжу зыкъыгъэщIэжкIыр. Си натIэ Iей илъмэ, фIыкIэ схуэзэкIэ, Уэращ гуэзвэгъуэм дыщыхьэумэри, уафэмэ щIыпIэми, а тIум я зэхуакум дэлъри Уэращ зейр. Iейм дыщыхьумэ, уи гъээгу захуэмкIэ къытхуэупсэ».

Апхуэдизкlэ а жэщ лъапIэм лъэIур кьабыл мэхъури, Алыхым и лъэхьыл мэхьфузым (ар цIыхум и гъащIэр зэрыубзыхуар, и натIэ илъыр зэрыт тхыгъэщ) итыр зэрихьэкIыныр хэлъщ (елъэIум и гум илъым теуауэщ).

«Мухьэммэд бегъымбарым жиIащ: «Шаабан мазэм и кум хиубыдэ жэщыр кьыщысам деж, вгъакIуэ а жэщыр Тхьэм фхьуэпщы-лIу, махуэм фынэщI. А жэщым дыгъэр щыкъухьэжым ирихьэлIэу щIылъэм нэхъ пэгъунэгъу дыдэр уафэм нэс кьохри, Алыхым жеIэ: «Тобэ къэзыхьыж си пщылIэм яхэт, кьабыл сщIынущи? Гузэвэгъуэ зытелъу, ар Тхьэм бгъэдэзылъхьэ яхэт, ящхьэщсхынущи? КьызэлъэIу яхэт, яхуэсщIэнущи? Узыфэ зэуэлIауэ щхьэщсхыну кьысщыгугъ яхэт, щхьэщсхынущи?». Мис апхуэдэу нэху щыху щытынущ.

Бегъымбар лъапIэм деущий: «Бзраат жэщым Алыхьыр хоплъэ къигъэщIахэм я Iуэхур зыIутым. Абы псоми гущIэгъу яхуещI, Тхьэм и пIэкIэ нэгъуэщIхэм яхуэпщылIымрэ леймыгъэгуфхэмрэ кьищынэмыщIа».

• Хьэдис лъапIэхэр

Алыхьыр зыщумыгъэгъупщэ

◆Абу Умамэ къеIуэтэж: «Сэ зэхэсхащ лIыкIуэ лъапIэм жиIэу: «КъурIэн феджэ, псом хуэмыдэу, жэщ лъапIэхэм. Шэч хэлъкъым Къемэт махуэм КъурIэным щыщу къэвджа дэтхэнэ зы хьэрфри къызэрыфщхьэщыжынум».

◆Бегъымбарым деущий: «Алыхьымрэ абы и лIыкIуэмрэ фIыуэ ялъагъуну хуейкэр КъурIэн иреджэ».

◆Абу Мусэ Аль-Башари къиIуэтэжащ: «Тхьэм и лIыкIуэ Мухьэммэд къызэупщIащ: «Жэнэтым и курыкупсэм ухэзышэн бжеСэн?!» Сэ жысIащ: «Къызжеlэ, лIыкIуэ Тхьэ лъапIэ». Абы иужькlэ бегъымбарым кьыпищащ: «Да хьэуэлэ уэ аа кьыуэтэ илда биллахь» жыIэ.

◆Абу Хурейрэ жиIащ: «Мухьэммэд бегъымбарым къиIуэтэжащ: Алыхым дыкъыхуреджэ: «Сыт хуэдэ IуэхугъуэфI Iэдэм и бынхэм ялэжьми, я щхьэщ щIалэжьыр, нэщI закъуэм къищынэмыщIа. ФыщIэнэщIыр Сэращ, абы кьыпэкIуэ ФыгъэщIэхуи фэстыжынущ».

◆ЛIыкIуэ ЛъапIэм дегъэIущ: «Алыхьыр зыщумыгъэгъупщи, Езым ущыгъупщэнкъым. Алыхьыр зыщумыгъэгъупщи, псэм и зыхэзыгъэнщ. Ар уи пащхьэ зэрыт. Уи упщIэм и жэуапыр кьэплъыхъуэмэ, Тхьэм еупщI, дэIэпыкъуэгъу ухуеймэ, ДыкъэзыгъэщIам зыхуэгъазэ».

• Дэ къытхуатх

Дыззгурыlуэрэ дыззэдэlуэжу

Бахъсэн куейм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм къикIыу иджыблагъэ тхыгъэ гуапэ къытIэрыхьащ. Абы дыкъыщоджэ:

- Унагъуэ минищым щIигъу зыдэс, республикэм щынэхъ ин дыдэ Дыгулыбгъуей адыгэ къуажэжьым дригушхуэ зэпытщ. Ижь-ижьыж лъандэрэ абы дин еджагъэшхуэхэр, щIэныгъэлI Iэзэхэр дэсу апхуэдэщ. Япэ президенту щытари лIы губзыгъэм и быну ди къуажэм къыдэкIат (ахърэтыфIыр Тхьэм кърагъ!). Нобэр къыздэсми ди янэ ища нэхъыжьыфIхэм хаша лъагъуэм къыдэкIуэтей ди щIэблэр зэрыкIуэм ярогуфIэ.

Ди къуажэм гущIэгъу зыхэмылъ щIагъуэ щыбгъуэтынукъым. Ар наIуэ пщегъI къуажэдэс псори акъылэгъу зэдэхъуу щыпсэу жылаем сэбэн зэрыхуэхъуам. Мэжджытыр зэгъэпэщыжын хуейт, къхэри икъуклэ жыжьэт, дунейм екьжар километр зыбжанэкIэ пхьыныр акъылым къимытIасэти, «Газель» автомашинэ къэщIэхупхъэт. КъищынэмыщIауэ, хьэдэр зэрызетхьэ Iэмэпсымэхэри жьы дыдэ зэрыхьуам къыхэкIкIэ зэхъуэкIын хуейт. А псом япкъ иткIэ, иджыблагъэ къуажэдэсхэм захуэдгъазат КъБР-м и Iуэхущ1апIэ куэдым, мылъыкIэ зыкъытщIагъэкъуэну делъэIуу. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зыми дызэхахакъым.

Къуажэм дыхьыхьэу мылъку къыхэтхыну жэмылъэтым мурад щытщIым, зы унагъуи къыдэкIакъым зыкъытщIэзмыгъэкъуауэ. Мылъку хъарзынэ къыхэкIри, «Газели» къэтщэхуащ, мэжджыгри зэдгъэпэщыжащ, хьэдэр зэрызрахъэ Iэмэпсымэхэри зэтхъуэкIащ. Къуажэдэсхэм яку зэгурыIуэ дэлъщ, гущIэгъу яхэльщ. Мис аращ насыпI жыхуаIэр. ЗыкъытщIэзыгъэкъуа дэтхэнэ зыми и мылъкум берычэтыр Тхьэм хухилъхьэ, Алыхым дригъэфIакIуэ!

Мэкъуауэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	3.57	5.27	13.14	17.18	20.39	22.19
2, блыщхьэ	3.57	5.27	13.14	17.18	20.40	22.20
3, гъубж	3.56	5.26	13.14	17.19	20.40	22.20
4, бэрэжьей	3.56	5.26	13.14	17.19	20.41	22.21
5, махуэку	3.55	5.25	13.14	17.19	20.42	22.22
6, мэрем	3.55	5.25	13.14	17.20	20.43	22.23
7, щэбэт	3.55	5.25	13.15	17.20	20.43	22.23
8, тхьэмахуэ	3.54	5.24	13.15	17.20	20.44	22.24
9, блыщхьэ	3.54	5.24	13.15	17.21	20.44	22.24
10, гъубж	3.54	5.24	13.15	17.21	20.45	22.25
11, бэрэжьей	3.54	5.24	13.15	17.21	20.46	22.26
12, махуэку	3.54	5.24	13.16	17.22	20.46	22.26
13, мэрем	3.54	5.24	13.16	17.22	20.47	22.27
14, щэбэт	3.53	5.23	13.16	17.22	20.47	22.27
15, тхьэмахуэ	3.53	5.23	13.16	17.22	20.48	22.28
16, блыщхьэ	3.53	5.23	13.16	17.23	20.48	22.28
17, гъубж	3.54	5.24	13.17	17.23	20.48	22.28
18, бэрэжьей	3.54	5.24	13.17	17.23	20.49	22.29
19, махуэку	3.54	5.24	13.17	17.23	20.49	22.29
20, мэрем	3.54	5.24	13.17	17.24	20.49	22.29
21, щэбэт	3.54	5.24	13.17	17.24	20.50	22.30
22, тхьэмахуэ	3.54	5.24	13.18	17.24	20.50	22.30
23, блыщхьэ	3.55	5.25	13.18	17.24	20.50	22.30
24, гъубж	3.55	5.25	13.18	17.25	20.50	22.30
25, бэрэжьей	3.55	5.25	13.18	17.25	20.50	22.30
26, махуэку	3.56	5.26	13.19	17.25	20.50	22.30
27, мэрем	3.56	5.26	13.19	17.25	20.50	22.30
28, щэбэт	3.56	5.26	13.19	17.25	20.50	22.30
29, тхьэмахуэ	3.57	5.27	13.19	17.25	20.50	22.30
30, блыщхьэ	3.57	5.27	13.19	17.26	20.50	22.30

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

• Фэеплъ

Нэхъыфlымкlэ Тхьэр къыхуреупсэ!

Цыхуэ гъашIэр машIэщ, Iэфlщ, кIэщIщ икIи гугъущ. Псори лъхуейщ дуней дахэмрэ гъашIэ Iэфlымрэ гу щытхуэну, гъашIэ кIыхь къэдгъэщIэну. Ауэ зэманым кьигъэув хабзэ ткIийхэр узыпэмыцIэрыщщ. МылIэжьыр зы цIыхуи дыкьыгъэщIакъым.

ГъАЩIЭ кIыхь къэбгъэщIауэ дунейр убгынэныр апхуэдэу гуауэкъым, ауэ зи щIалэгъуэр дунейм щехьжкIэ, ар гуауэ тIуащIэщ.

Нобэ зи гугъу фхуэтщIынур ди ныбжьэгъуфI, цIыху гуапэу, гу къабзэу, псэ хьэлэлу, акыыл жан бгъэдэлъу псэуа Хьымбэзэр Руслани, Дунейм цIыху тетыр зыгъэгъэзавэ узыфэ Iейм тIэщIихащ ди ныбжьэгъуфIыр (здэкIуар тыншыпIэ Тхьэм хуищ).

Дин щIэныгъэлIхэм жаIэ: "Мэжджытым, абы екIуалIэ гъуэгу ухуэным зи гъащIэ хэзылъхьахэм я псапэр гъунапкъэнщэщ". Руслан мылъкукIи кларукIи дэIэпыкъуэгъу нэсу абыхэмкIэ кьытхэтащи, фIыуэ щыIэм я нэхъыфlымкlэ Тхьэр къыхуреупсэ!

КУМЫЩ Хьэжмурат.
Къубэ-Тэбэ къуажэ.

• Пщlэну щхьэпэщ

Iиманым и зэхэлъыкIэр

♦Iиманым и щхьэр «Ла Iилахьэ Iиллалахь, Мухьэммэд рэсулулахь» псалъэрщ.
♦Iиманым и гур КъурIэн еджэнырщ.
♦Iиманым и Iэпкlъэпкъыр Алыхьым и цIэр нэхъыбэрэ жыIэнырщ.
♦Iиманым и нурыр пэжыгъэрщ.
♦Iиманым и кIыфlыгъэр пщIырщ.
♦Iиманым и Iэфlыр андезырщ.
♦Iиманыр призыгъэкъур псапэ щIэнырщ.
♦Iиманым и жылэр щIэныгъэрщ.
♦Iиманым узыхуишэр Тхьэм щыщынэнырщ.
♦Iиманым и губжьыр сныкIурщ.
♦Iиманым и дагъэр лъэIурщ.
♦Iиманым и щIэнтIэпсыр кьабзагъэрщ.

• Хьэбар

Апхуэдэущ псори дызэрапIар

Зи ныбжь хэкIуэта лIыжьыр и къуэм къыщIишауэ тетысхьэпIэм тесхэт. ЩIалэр щIэныгъи бгъэдэлъу, лъэкIи быдэу уваУэ апхуэдэт. И адэр лъэрызехьэу щыщытам и гъащIэр тыхь хуищIат абы и екъулIэныгъэхэм.

Ауэрэ уэрщэрхэу здэщысам зы бзу цIыкIу абдежьм кьыIулъэтащ. Адэр щIэупщIащ:

- Мор сыт, си щIала?
- Ар бзущ,- кьитыжащ жэуап и къуэм.

ЕтIуанэу а упщIэ дыдэмкIэ лIыжьыр и щIалэм еупщIащ.

- Бзущ бжеСлащ, - губжьщ щIалэри, и нэщхьыр зэхиуКIащ.

Ещанэу а упщIэ дыдэр щритым, щIалэм и макъым зригъэIэтащ: «Мыр даУэ Iуэху, апхуэдизрэ щхьэ укъызэупщIра?!» - жиIэри.

ИтIанэ адэм къыпищащ:

- Унэм щIыхьэжи, си пIэщхьагъым кIэщIэть тетрадыр кьысхуэхь.

ЩIалэм кьихьащ жьы дыдэ хъуа адэм и дэфтэрыр. Абы итт лIыжьым и гукъэкIыжхэр.

Илъэс 40-кIэ узэIэбэкIыжмэ, и къуэм псэлъэн щIидза къудейуэ, сабийр и адэм еупщIат:

- Мор сыт зищIысыр, си ада?
- Ар бзущ, си щIалэ нэху, - итащ абы щыгъуэм адэм жэуап икIи сабийм и щхьэм Iэ дильащ.

Мис апхуэдэурэ а упщIэ дыдэм къытригъэзэжурэ сабийр 37-рэ и адэм еупщIащ. АпщIондэхуи адэр емызэшу, пыгуфIыкIыурэ, и быным Iэ дильэурэ жэуап итащ. ЛIыжьым и гукъэкIыжхэм щыгъуазэ хъуа щIалэм и гур кьызэфIэзэрыхри, гъащ.

Апхуэдэущ псори дызэрапIар - ар зыщыщвмыгъэгъупщэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннащ.

• ЗэIущIхэр

Дыззгурыlуэрэ дыззэдэlуэжу

Бахъсэн куейм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм къикIыу иджыблагъэ тхыгъэ гуапэ къытIэрыхьащ. Абы дыкъыщоджэ:

- Унагъуэ минищым щIигъу зыдэс, республикэм щынэхъ ин дыдэ Дыгулыбгъуей адыгэ къуажэжьым дригушхуэ зэпытщ. Ижь-ижьыж лъандэрэ абы дин еджагъэшхуэхэр, щIэныгъэлI Iэзэхэр дэсу апхуэдэщ. Япэ президенту щытари лIы губзыгъэм и быну ди къуажэм къыдэкIат (ахърэтыфIыр Тхьэм кърагъ!). Нобэр къыздэсми ди янэ ища нэхъыжьыфIхэм хаша лъагъуэм къыдэкIуэтей ди щIэблэр зэрыкIуэм ярогуфIэ.

Ди къуажэм гущIэгъу зыхэмылъ щIагъуэ щыбгъуэтынукъым. Ар наIуэ пщегъI къуажэдэс псори акъылэгъу зэдэхъуу щыпсэу жылаем сэбэн зэрыхуэхъуам. Мэжджытыр зэгъэпэщыжын хуейт, къхэри икъуклэ жыжьэт, дунейм екьжар километр зыбжанэкIэ пхьыныр акъылым къимытIасэти, «Газель» автомашинэ къэщIэхупхъэт. КъищынэмыщIауэ, хьэдэр зэрызетхьэ Iэмэпсымэхэри жьы дыдэ зэрыхьуам къыхэкIкIэ зэхъуэкIын хуейт. А псом япкъ иткIэ, иджыблагъэ къуажэдэсхэм захуэдгъазат КъБР-м и Iуэхущ1апIэ куэдым, мылъкукIэ зыкъытщIагъэкъуэну делъэIуу. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зыми дызэхахакъым.

Къуажэм дыхьыхьэу мылъку къыхэтхыну жэмылъэтым мурад щытщIым, зы унагъуи къыдэкIакъым зыкъытщIэзмыгъэкъуауэ. Мылъку хъарзынэ къыхэкIри, «Газели» къэтщэхуащ, мэжджыгри зэдгъэпэщыжащ, хьэдэр зэрызрахъэ Iэмэпсымэхэри зэтхъуэкIащ. Къуажэдэсхэм яку зэгурыIуэ дэлъщ, гущIэгъу яхэльщ. Мис аращ насыпI жыхуаIэр. ЗыкъытщIэзыгъэкъуа дэтхэнэ зыми и мылъкум берычэтыр Тхьэм хухилъхьэ, Алыхым дригъэфIакIуэ!

Къэрал хабзэмрэ динымрэ зэдогъуэгурыкIуэ

• ЗэIущIхэр

тур, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым правэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ институтым и директор ГъукIэпщокъуэ Мурат сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Диным гъунэгъу зыщыхуащIкIэ, я жэуапыныгъэм зэрыхэхъуэр щIалэгъуалэм зыхащIэн хуейщ, - жиIащ Целоусовэ Ануса. - Япэхэм щIэныгъэм мыхьэнэшхуэ ирату щытащ. ИужькIэ, зэхъуэкIыныгъэм и зэманым, цIыхухэм абы хуащI гулъытэм хэщIами, иджы, Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ, щIэныгъэм и пщIэм аргуэру зыкъиужьыжащ. ЩIалэгъуалэм зыфхузогъаз: къалэну зыхуэвгъуэвыжхэр зэрыфхуэгъэзэщIэнумкIэ фIэщхъуныгъэ зивгъэIэ!

ЗэIущIэм хэтахэм и гугъу ящIащ, куууэ уемыгупсысауэ, зэпумышэчауэ, мыслъымэн щэнхабзэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ зэпэщIэбгъэувэ, зым и пIэ адрейр лъэщыгъэкIэ ибгъэувэ зэрымыхъунум, пэщIэдзэ щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ щIэблэм бгъэдэлъхьэнымкIэ анэдэлъхубзэм нэхъыфI зэрыщымыIэм, нэгъуэщIхэми.

- Бзэр лъэпкъым и псэкупсэм щыщ зы Iыхьэщ, - къыщIуэтащ зэхъыхьэм и гупсысэр еджапIэ нэхъыщхьэм и лIыкIуэ ГъукIэпщокъуэ Мурат. - Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей щIалэгъуалэм лъэпкъыбзэр зэрагъэщIэн хуейуэ къалъытэркъым. «Сыт-кIэ сэбэп, хабзэ-бзыпхъэхэри зэрытщIынур сыт?» жаIэри щIоупщIэ. Абыхэм захегъэщIыкIыпхъэщ, мылъкурэ къулыкъу къудейкIэ дунейр зэрызэхэмылъыр, дэтхэнэ цIыхуми хъуэпсапIэ нэхъыщхьэу иIэн хуейр и псэкупсэм зэрызригъэужьыныр, и псэм и беягъэм зэрыхигъэхъуэныр ара-уэ зэрыщытыр икIи абы и лъэныкъуэкIэ укъыщепльмэ анэдэлъхубзэм увыпIэщхуэ зэриубыдыр.

Къызэхуэсахэр ящытеувыIащ муслъымэн диным игъэкъабыл щыгъыныр зыхуэдэмэ.

- Ди бзылъхугъэ нэхъыжьхэм «хъиджаб» жыхуаIэ щыгъыныр зэрахьэу щытакъым, - и Iуэху епIыкIэр къиIуэтащ Целоусовэ Ануса. - Сэ сызэрепльымкIэ, а фащэр ди хамэщ. Сыт и лажьэ адыгэ бзылъхугъэм япэм зытриилъхьэу щыта Iэльэщ1ымрэ абы ипIэкIэ зыщхьэритIагъэу щыта пыIэ зыкъызыхьымрэ?!

- Ислъам диныр хьэрыпхэм къаззрыхуехам щхьэкIэ, дэ абыхэм я хабзэмрэ я щыгъынымрэ къэтщтэн хуейуэ аракъым, - ипэкIэ къэпсэльам и жьIэр диIыгъащ Дзасэжь Хьэзрэталий. - Ди лъэпкъ фащэм сыт и лажьэр?! Дахагъэщ, щабагъэщ дэ, муслъымэнхэм, къэдгъэлъэгъуапхъэр, армыхъуамэ, дыкъызыхуэкIа лъэпкъым дыпэщIэувэжьхи хуейуэ аракъым! «Дин зэрихьэкъым!» - жыгIэу, цIыхухэр зэхэгъэж тщIыну хунтынигъэ къыдэзытри хэт?! Ислъамыр - дин зэIухащ. Дэтхэнэ зыми и дежкIэ. Апхуэдэу щымыт-мэ, цIыхухэри кьытхуэхьэхынукъым, ягухэри кьытхуэзIуахынукъым. Уи щхьэм ухущытыжыну узэрыхуейм хуэдэу, уи гъэнэгъуми, укъэзыухъуреихьэми яхущыт! Псалъэм папщIэ, муслъымэнхэм жылагъуэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъыщагъэлъагъуэ хъунущ: жыгхэр хасэу, дунейм хуэсакъэ щIыуэпсыр яхъумэу, уэрамхэр зэлъыIуахыу, Iэдэбу зекIуэу, диным и нэхур зэрадзынум хущIэкъуэну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Налшык насыпым и дамыгъэщ

Урысейм и Арткомитетым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм къыззригъэпэщауэ, иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ Уэрэдымрэ къафэмкIэ япэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. «Нальчик - подкова счастья» зыфIаща фестиваль иным хэтащ Абхъаз, Осетие Ипщэ, Адыгэ, Дагъыстэн, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Ингушыгъ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикиэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм я лIыкIуэхэр. Классикэ, эстрадэ, щIыхубэ уэрэд гъэзэщIэныжмкIэ я зэфIэкI я гъэлъапIэуащ щIыхуэм 106-м. Апхуэдэ дыдэу гуэша Iыхьэхэм хэтащ къэфакIуэ гупу 35-рэ.

• Щэнхабзэ

ЗЭIУЩIэМ и екIуэкIыкIам щытепсэлъыхьым, Дунейпсо Артийск комитетым и унафэщIым и къудамэ, Урысейм и Арткомитетым и къудамэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэм и унафэщI Бейтыгъуэн Iууес къыхигъэщащ щIалэгъуалэ, сабий зэчиифIэхэрутыкуякишэным къыдэкIуэу зы мурад ин фестивальмкIэ зэрагIар. Ар щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку дапЬ зэгурыIуэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ егъэфIэкIуэныгъэ. «Си зыгъэпсэхупIэхэм мышынэу щIыхуэр къэкIуэным, ди щIыпIэм и дахагъэр зрагъэлъагъуным тедгъэгушхуэну щIыхуэр къэкIуэным, ди щIыпIэм и дахагъэр зрагъэлъагъуным тедгъэгушхуэну щIыхуэр дыхуейти, къыдэхъулIауэ си гугъэщ. Зауэ-банэ ди деж зэрыщымIыр, мамыру дыззэрыпсэуф я нэкIэ ялъэгъуауэ гупхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, зэпеуэм хэщагъэ зэрыгъэбгрыкIыжам сринасыпыфIэщ», - жиIащ Бейтыгъуэным.

Ялъэгъуэпсоририхьащауфестивалым зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуэну къэкIуа гупхэм я пашэхэм: Куржым щIыхь зиIэ, Осетие Ипщэ Республикэм и щIыхубэ артист Гуцаев Нодар, Дагъыстэн педагогикэ университетым и профессор, Урысейми Дагъыстэми щIыхь зиIэ я артист Магомедов Манур, Абхъаз Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм ЩIыхубэ творчествэмкIэ и республикэ центрым и унафэщI Кварчие Нури, Черкесск къалэм гъуэзджэхэмкIэ и школым и унафэщIым и къудзэз Серида Валентинэ, Адыгеим щIыхь зиIэ и артист Щхьэбаца Сыхьэтбий, нэгъуэщIхэри. Абыхэм зы жьэу фIыщIэ хуащIащ КъБР-м Сабий творчествэмкIэ и унэм и унафэщI Къалмыкъ Кларэрэ фестиваль щекIуэкIа Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и унафэщI Текlушэ Артуррэ.

Къэфакlуэ гупхэм я зэфIэкIыр къэзыпщыта гупым и тхьэмадэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI Атабий Игорь жиIащ къэрал куэдым щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм я жюрим хэтыну къызэрыхуихуар, ауэ мыбы хуэдэу и гум дыхьа зэрыщымыIэр. «Къэфакlуэ гупхэм я зыкъэгъэльэгъуэкIэри, балетмейстерхэм я лъэныкъэ гъэщIагъэнэхэри, фестиваль хэта цIыху бжыгъэми удахьэхыр, - жиIащ Игорь. - Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Тхьэбысым Умар и цIэр зезыхьэ Адыгеим ГъуэзджэхэмкIэ и республикэ колледжым и студентэр, а республикэ дыдэм и «Адыгэхэр», - «Алеуар» щIыхубэ къэфакlуэ ансамблхэр, Ставрополь крайм и «Малиновый рай»-р, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщху «Нальчанка», «Кавказ пшэплъэр», «Шагъдий», «Экстрим» гупхэр».

«Макъамэ» Iыхьэм зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм я зэфIэкIыр къэзыIыта гупым и нэхъыщхьэу щытыр СКГИИ-м и Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ и колледжым уэрэдыкIыкIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Даур Иринэ жиIащ псоми зэфIэкIыфI зэраIэр. Арщ хуэдэу Адыгэ гъуэзджэхэмкIэ и ансамблым (Абхъаз Республикэ, Гагрэ къалэ), «Горянка» (Дагъыстан педагогическэ университет), «Алеуар» (Адыгэ Республикэм гъуэзджэхэмкIэ и сабий школ) уэрэдыкIыкIуэ гупхэр, Черкесск къалэм гъуэзджэхэмкIэ и сабий школым и хорыр, «Жулдызчыкъла» квартетыр (Тырныауз), Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ колледжым и уэрэдыкIыкIуэ Щоджэн Айну, Онар Гульшах, Доткъул Ильянэ, Унэж Аслъэн сымэ.

Уэрэдымрэ къафэмкIэ япэ дунейпсо зэхьэзэхуэр КавказымрэУрысей ИпщэмрэщIыпсо щIыпкъхэм я дежкIэ щэнхабзэ Iуэху дахэ хуауэ. Ар иджыри екIуэкIыр Урысейм и щIыхубэ артист, СКГИИ-м уэрэдыкIыкIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм и унафэщI, профессор Гъэсашэ Натальэ зэпеуэм хэта псоми екъуэхъуащ икIи абы щытекIуэхэм чэнджащ яритащ езыр щылажьэ евджапIэм щIэтIысхьэну.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профессиональнэ и унафэщI Дау Маринэ екIуэкIар Iуэху дахэу къиныгъэ икIи щIыналъэ зэмыIэужьыгъуэхэм къыкIа гупхэм я пашэхэм щIыхь тхьилъэр яритащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэр-дей-Балъкъэрым щынагъуэ

Къэбэр-дей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкlэ и фондым щагъэлъапIащ лъэпкъ зэмыIэужьыгъуэхэм щыщ хэр зэкъуэзыгъэувэ «Новое лицо» щэнхабзэ центрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсипщI зэрырику.

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ Щэнхабзэмкlэ фондым и унафэщI, «Кавказ Ищхьэрэм и хъыбарегъащIэ Iуэхуащ1апIэхэр» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, кинорежиссер Вэрокъуэ Владимир. Къыхэзгъэщыпхъащ, илъэсипщIкIэ уэзэгъэкIыжмэ, лъэпкъ зэмыIэужьыгъуэхэм къаухэкIа- хэм я унагъуэхэм я щэнхабзэ центр къызэрызэпэщыну Iуэхур къыхэзгъэщыпхъащ Вэрокъуэм ми лъэжьыгъэм и нэIэ зэрытригъэтыр.

«Новое лицо» центрым и унафэщI **Соломоновэ Татьянэ** зэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ, зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, цIыхухэр зэкъуэгъэзывэнри, щIэблэр республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, тхыдэм, хабзэм щIапIыкIыныр я Iуэхущ1апIэм и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

- Ди центрыр къызэIуахыну къыщыхалъхьам абы и унафэщI къалэныр къыхэхуагъэфэщащ, си адэр зэрыурысыр, си анэр зэрыщэщэныр къалъытэри, - жиIащ Соломоновэм. - ИлъэсипщI хуауэ лъэпкъ зэмыIэужьыгъуэхэм щыщу унагъуэ зэдэзыухуэхэр дыдэIуощIэ, дыдэпсалъэ, гушыIэхэмкIэ, лъэпкъ хабзэхэмкIэ, щэнхабзэмкIэ дызохъуажэ. А зэманым къриубыдэу апхуэдэ унагъуэхэм я бжыгъэм къыхэхъащ.

Пшыхьым кърагъэблэгъащ Гуппоевхэ я унагъуэр - зи адэр балъкъэр, зи анэр урыс Тимуррэ Эверест бгым дэкIа, зи адэр адыгэ, зи анэр урыс, республикэм фIыкIэ зи цIэр щыIуа Мэз Каринэрэ. Абыхэм я гъусэт мазэ 11 хъу я къуэ Тамерлан щIыкIуи.

«СыззэригугъэмкIэ, апхуэдэ щIэблэм я адэ-анэм я лъэпкъ щэнхабзэм, хабзэм нэхъыфIу хэлъыр зыхалъхьэ. Аха къэкIуэнум и цIыхуу. ЛIэужь зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжжа, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIахэм унагъуэ зэдэдухуэныр хабзэ тхуэхъуащ. Ар и щIыхьэтщ лъэпкъ зэхэгъэж зэрыдмыщIым, - жеIэ Гуппоев Тимур.

Зэхыхьэм ирагъэблэгъащ Къумыкъхуэ я унагъэри. Адыгэ щIалэмрэ балъкъэр хъыджэбзымрэ зэдаухуа унагъуэр и щапхъэщ зэгурыIуэмрэ зэрыльытэмрэ.

Куржыкъэм я «Риони» лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и унафэщI **Лобжанидзе Анзор** къыхигъэщащ Щэнхабзэмкlэ фондым щылажьэ «Новое лицо» центрым мыхьэнэ ин зэриIэр, лъэпкъ зэмыIэужьыгъуэхэм къахэкIахэм я унагъуэхэм къихъуэ щIэблэр зэрыфIэгъэщIэгъуэныр, абыхэм адэ-анэхэм я бзэхэр ящIэмэ, я дунейр нэхъ бей зэрыхъуэр.

Вэрокъуэ Владимир Соломоновэм щIыхь тхьилъ иритащ, къыхуагъэфэща IэнатIэм зэрыхуэпэжым, ар зэрыригъэфIакIуэм папщIэ.

Зэхыхьэ гуапэр концерт щIыкIуэ зэхуащIыжащ. Абы хэтащ лъэпкъ зэмыIэужьыгъуэхэм къыхэкIа унагъуэхэм щыщ ныбжьыщIэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къурт еджапIэр мы гъэм къэзыуэ ныбжьыщIэхэм я иужьрей уэрджынэр мэрем кIуам къэхуеуащ. Республикэм и школ псоми хуэдэу, гуфIэгъуэ зэхьыхьэр дахэу щекIуэкIащ Шэджэм къалэ дэт къурт еджапIэ №1-ми. Сабийхэм я иужьрей зыдищIу махуэри нэщхьы-фIэт, абыхэм я нэгум кърих гуфIэгъуэ нурыр дыгъэ бзийм пэджэжым хуэдэт.

БАЛИГъ гъащIэм хьыхьэну ныбжьыщIэхэм я махуэр даIыгъну зэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Голочалов Николай, КъБР-м Егъэдаммыгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхуэхэмкlэ министерствэм и лэжьакIуэ Алокъуэ Ритэ, Шэджэм районым и щIыпIэ самоуправленэм и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанщ, район администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Жанкишиев Жэгъэфар, егъэджэныгъэмкlэ къудамэм и нэхъыщхьэ Iэрыпщэ Жаннэ, ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэр, благъэжьэ, Iэхьыльхэр.

Еджапlэм и унафэщI Бекъул Маритэ зэIущIэр къызэIуихри, ныбжьыщIэхэми адэ-анэхэми псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ.

- Си дежкIи ныбжьыщIэхэмкIи иджыпстукIэ нэхъыщхьэр адэкIэ къапэщылъ экзаменхэр тэмэму ятынырщ, - жиIащ абы. - Балигъ гъащIэм хэфхэ япэ лъэбакъуэхэр куэдкIэ зэлъытауэ щытынрэ экзаменхэм я лъэныкъэ ехъулIэныгъэрщ. Сыныводхъуэхъу дэтхэнэ зыри а Iэхуэм фехъулIэну, адэкIэ фи щIэныгъэм щыхэвгъэхъуэну фызыщIэхъуэпсе еджапlэм фи насыпэ хэхуэну. Адэ-анэхэм фи бынхэм я гуфIэгъуэ куэд фызагъэрагъэхъулIэфын гъуэгу захуэ икIи бгъуфIэ ирикIуэну сохъуэхъу абыхэм.

- Мы илъэсыр фи дежкIэ адрейхэм хуэдэтэкъым. Фэ къызэвнэкIащ фи гъащIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэхэм ящыщ зы - курыт школыр къэвуащ. Адэкlэ къыфIпэплъэр насыпэ зэхэтэкIыпIэщ - къэраул экзаменхэр, Iэщ1агъэ фхуэхъуныр къыхэзыныр, фи гъащIэ гъуэгур фубзыныр. Щэч хьэтесхъэрхъым, школым щызэвгъэгъуэта щIэныгъэр адэкIэ зыбжыкIыныр, ди фи увыпIэр гъащIэм щIэныгъэкIэ лъабжьэ быдэ зэпырфхуэхъуныр, - захуигъэзащ ныбжьыщIэхэм район администрацэм и унафэщI Сыжажэ Хьэсэн.

Хэкупсэу уэзрыщытыным, жыIэм, районым, республикэм я цIэр Iуэхуфlэхэмкlэ зэрыбгъэлъэпIэныр тепсэлъыхьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Сабий хэм я гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа егъэджакIуэхэми адэ-анэхэми ятеуха псалъэ гуапэ куэд щыжаIащ зэIущIэм. Ныбжьыщ1эхэм егъэджакIуэхэр къагъэгугъащ щIэныгъэм и дунейм хэзыша школыр зыщамыгъэгъупщэну икIи хъуэпсапIэхэр ягу иралъхьэри, щхьэ зэмыфэгъэхуэмрэ тхъэрыкъуэхэмрэ уафэм драгъэлъэтеящ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Балигъ гъащIэм хохьэ

Бахъсэн районым и школакIуэ 641-м иужьрей уэрджынэр къахуеуащ. ЩIыналъэм щыIэ хуит школ 26-ми абы хуэгъэпса мазхущхуэр Iэтауэ щрагъэкIуэкIащ.

КЫЩIЭЖ жыIэм и курыт школыр къэзыуэ ныбжьыщIэхэм екъуэзыуэ, къахуеблэгъуэ я благъэIыхьлыхэр, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, район, къуажэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

- Ди еджапIэр къэзыуэ ныбжьыщIэ 59-м нобэ хуоузу балигъ гъащIэм зэрыхьхьэм щыхьэт текъуэ уэрджынэр, - жиIащ еджапIэм и унафэщI Балъкъэр Дадуэ. - Я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ щызэIущIэ 59-м нобэ хуоузу балигъ гъащIэм зэрыхьхьэм щыхьэт текъуэ уэрджынэр, - жиIащ еджапIэм и унафэщI Балъкъэр Дадуэ. - Я благъэIыхьлыхэр, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, район, къуажэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

- Ди еджапIэр къэзыуэ ныбжьыщIэ 59-м нобэ хуоузу балигъ гъащIэм зэрыхьхьэм щыхьэт текъуэ уэрджынэр, - жиIащ еджапIэм и унафэщI Балъкъэр Дадуэ. - Я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ щызэIущIэ щыIэ щыгъуэ